

# KOWALISYON IMIGRASYON NEW YORK



ZOUTI TWOUS - COVID-19  
JEN 2020



- Nouyòkè yo kap chèche enfòmasyon ki pi ajou ka tèks COVID oswa COVIDESP (pou Panyòl) nan 692-692 oswa rele Liy telefòn gratis Depatman Sante Eta New York nan 1-888-364-3065.
- Ou ka jwenn swen nan NYC kèlksa estati imigrasyon, kouvèti asirans sante, oswa kapasite w pou peye. Si ou bezwen èd pou jwenn swen medikal, oswa fè tèks pou COVID-19, rele 311.
- Tout lekòl NYC yo ap rete fèmen jiska nan fen ane lekòl la, jan Gouvènè Cuomo te anonse. Yo prevwa ke elèv NYC yo ap patisipe nan ansèyman a distans.
- Plis pase 400 etablisman lekòl pral sèvi repa a-anpòte pou NENPÓT MOUN, Lendi jika Vandredi apati 7:30 a.m. jiska 1:30 p.m. e yo pral genyen twa repa ki disponib chak jou pou NENPÓT Nouyòkè. Nouyòkè yo ka jwenn adrès ki pi pre kap sèvi manje isit la: <https://www.opt-osfns.org/schoolfoodny/meals/default.aspx>.
- Tribinal Imigrasyon, Mizajou sou ICE ak USCIS: Tribinal Imigrasyon NYC (Broadway ak Federal Plaza) yo FÈMEN jiska pwohen avi. Tout anrejistremant ICE an-pèsan yo anile, men anrejistremant nan telefòn toujou kontinye ap fèt. USCIS fèmen, e tout randevou yo anile jiska omwen 1ye Avril.
- Kay imigran yo ka ranpli resansman an anliy kounye a. Fòm resansman yo ka konplete anliy: <https://my2020census.gov/> oswa pa telefòn 844-330-2020.
- Kongrè pa twò lontan de sa te fè gwo chanjman tanporè nan Asirans Chomaj (UI) ki bay Asirans Chomaj pou moun yo ki pa t elijib anvansa. Si ou pa p travay oswa ou nan konje spesyal san salè ou se yon sitwayen Ameriken, oswa ou se yon sitwayen ki gen yon otorizasyon pou travay, ou ka depoze yon reklamasyon pou UI nan sit entènèt Depatman Travay NYS pou wè si ou kalifye.

# KONTNI

## Pati 1: REPONS KOWONAVIRIS NYIC

- A. SANTE
- B. IMIGRASYON
- C. EDIKASYON
- D. SÈVIS SOSYAL
- E. RESANSMAN AK VÒT
- F. LEGAL
- G. KONNEN DWA OU YO


## Pati II : LIS RESOUS KOMINOTÈ



## PATI I: REPONS KOWONAVIRIS NYIC

### A. Sante

- Nenpòt Nouyòkè ka fè tès pou COVID-19 lè yo rele **311** nan Vil New York (oswa [www.nyc.gov/covidtest](http://www.nyc.gov/covidtest)) oswa rele liy telefòn dirèk COVID-19 Eta New York nan **888-364-3065** nenpòt lòt kote nan Eta New York. Nenpòt moun ki gen yon revni fèb ka fè tès, evalyasyon ak tretman gratis pou COVID-19 nan Eta New York kèlkeswa estati imigrasyon w.
- Si ou nan Vil New York e ou santi w angwase, estrese oswa akable, konekte avèk konseye ki antrene nan NYC Well. Ou ka tèks tou "**WELL**" nan **65173** oswa pale anliy nan <https://nycwell.cityofnewyork.us/es/>. Si ou santi w angwase, estrese oswa akable e ou andeyò Vil New York, ou ka rele Liy Dirèk pou Sipò Emosyonèl Kowonaviris Depatman Sante Eta New York nan **1-844-863-9314**.
- Tout Nouyòkè yo ta dwe konsidere tèt yo potansyèlman ekspoze nan kowonaviris. Sa a vle di Tout moun ta dwe rete lakay yo otan ke posib, menm si yo pa genyen okenn sentòm COVID-19. Pandan ke yo nan kay la, tout Nouyòkè yo ta dwe siveye tèt yo. Siveye tèt yo vle di tcheke pou lafyèv epi rete vijilan pou tous, souf kout oswa malgòj. Li enpòtan anpil ke moun ki genyen sentòm sa yo pa ale travay, lekòl, aktivite piblik oswa rasanbleman an gwoup.
- USCIS te anonse ke si ou resevwa tretman oswa si ou fè tès pou kowonaviris yo pa PRAL konsidere sa nan pwochen analiz pou chaj piblik.
- Ensidan sou diskriminasyon anti-Azyatik oswa anti-imigran yo ka rapòte l nan **311** oswa Liy Telefòn gratis New York State Hate Crimes Task Force nan **1-888-392-3644**.



### B. Imigrasyon

- Tribinal Imigrasyon (jiska 6/12): Tout odyans non detni yo anile. Tribinal Imigrasyon NYC non detni yo (Broadway ak Federal Plaza) yo OUVÈ POU DEPOZE REKLAMASYON SÈLMAN Tribinal yo nan Varick Buffalo and Batavia ouvè pou odyans ak reklamasyon non detni yo. Tribinal yo prevwa pou rekòmanse fonksyone nan 6/12.

- USCIS (jiska 6/4), tout randevou yo anile (sa ki gen ladan enprent dijital ak entèvyou pou azil). Biwo USCIS yo ki baze andeyò Buffalo pral re-ouvè kèk fonksyon nan 6/4 men yo poko ap rekòmanse randevou an-pèson yo. Biwo USCIS yo ki baze andeyò Vil New York City pa pral rekòmanse aktivite nòmal yo nan 6/4.
- ICE: Kontakte biwo lokal ou pou chèche konnen si ou bezwen prezante pou yon anrejistremant men aparans an-pèson anile. Biwo kosyon yo fèmen nan Vil New York, sa ki pipre a se nan Newark, Batavia ak Albany yo ouvè.
- Tribinal Federal: Seremoni Sèman Sitwayènnte yo anile.
- Aplikasyon lwa sou imigrasyon nan kominote yo ap kontinye.

## C. Edikasyon

- Tout lekòl NYC yo fèmen jiska fen ane lekòl la. Plis pase 400 etablisman lekòl pral sèvi repa gratis a-anpòte pou NENPÒT MOUN, Lendi jiska Vandredi apati 7:30 a.m. jiska 1:30 p.m. Pa gen anrejistremant, ID oswa dokiman obligatwa pou pran repa a-anpòte sa yo. Twa repa pa jou disponib pa pèson e yo ka vin chèche l anmentan. Yo pa p refize okenn moun! Pa gen espas salamanje ki disponib, kidonk yo dwe manje repa yo andeyò sit yo. Pou w jwenn adrès ki pi pre kap sèvi repa yo isit la: <https://www.schools.nyc.gov/freemeals>. Sant repa yo ap kontinye pandan tout ete a.
- Depatman Edikasyon gen 57 "Sant Anrichisman Rejyonal" ak sit gadri ki ouvè toupatou nan vil la pou timoun yo nan swen sante, sèvis dijans, ak travayè transpò, ansanm avèk episri, famasi, ak travayè manje yo, sa ki gen ladan restoran, travayè nan sèvis livrezon ak manje a-anpòte, anplwaye REC & feeding, Anplwaye bilding komèsyal ak rezidansyèl, ansanm avèk lòt travayè ki nan liy prensipal, kèkleswa yo ale nan lekòl piblik oswa prive. Yap ouvè apati 7:30 a.m. pou 6 p.m. pou timoun yo nan klas 3yèm ane jiska klas 12yèm ane: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/coronavirus-update>
- Paran yo ta dwe ranpli sondaj sa a pou yo chèche konnen si yo kalifye pou swen gardi pou kounye a: <https://www.surveygizmo.com/s3/5518161/REC-Enrollment-Form>
- Yo atann pou elèv NYC yo patisipe nan ansèyman a distans. Depatman Edikasyon pral fè tablets ki konekte nan entènèt ki disponib pou apeprè 300,000 elèv ki aktyèlman pa gen aksè, priorize elèv yo nan lojman tanporè, edikasyon espesyal, ak Ansèyman Angle / elèv kap aprann Angle ak plizyè lang.
- Fanmi yo ki gen bezwen teknolojik ta dwe konplete sondaj sa a, ke yo ofri kounye a nan 9 lang: <https://coronavirus.schools.nyc/RemoteLearningDevices>. Tanpri kontakte 718-935-5100 opsyon 5 oswa direktè lekòl ou an si ou pa t resevwa ak/oswa ranpli nenpòt sondaj teknoloji.
- Fanmi oswa defansè yo ka imèl D'Vonte Graham nan [DGraham22@schools.nyc.gov](mailto:DGraham22@schools.nyc.gov) pou rezoud pwoblèm yo osijè aparèy yo mande avèk non elèv, dat nesans, ak non lekòl (ak nimewo OSIS si yo genyen l oswa non abri yo abite a si aplikab).
- DOE a te kreye yon pwogram ambasadè teknoloji pou sipòte fanmi yo ki bezwen sipò teknik, ranpli yon tikè pou sipò si ou gen pwoblèm teknolojik.



- Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou ansèyman a distans, repa, ak lòt sèvis debaz yo pou fanmi yo nan [www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/coronavirus-update](http://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/coronavirus-update)
- DOE te pibliye règleman li sou nòt. Yo te pataje yon lèt avèk fanmi yo e ou ka jwenn li tou isit la: [www.schools.nyc.gov/learn-at-home/chancellor-s-message-for-families](http://www.schools.nyc.gov/learn-at-home/chancellor-s-message-for-families)
- Anpil pwogram edikasyon pou adilt toujou ap bay sèvis a distans. Tanpri kontakte pwogram endividyèl ou pou ka jwenn ki sipò yap founi.
- DOE te anonse òf lekòl a distans pou ete a. Yo te voye dènye lèt la bay fanmi yo sou òf lekòl ete a e ou ka jwenn li isit la: <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/summer-school-2020>
- Pou elèv primè ak pre-segondè yo ki gen obligasyon oswa rekòmande pou patisipe nan lekòl ete, pwogram lan pral kòmanse yon semèn pi bonè e lap fonksyone apati Lendi 6 Jiyè – Madi 11 Out. Pa gen chanjman nan dire oswa estrikti pwogram lan.
- Pou elèv lekòl segondè yo kap patisipe nan lekòl ete yo, kou yo pral kòmanse yon semèn pi bonè apati Lendi 6 Jiyè– Vandredi 14 Out. Pa gen chanjman nan dire oswa estrikti pwogram sa tou.
- Pou elèv yo ki gen yon Plan sèvis Edikasyon Endividyalize 12 mwa (IEP yo), pa p gen okenn chanjman nan kalandriye a. Pwofesè nou yo ap kòmanse nan Mèkredi, 1ye Jiyè e yo prevwa pou elèv yo patisipe apati Jedi 2 Jiyè, 13 Out.

## D. Sèvis Sosyal

- P-EBT se yon pwogram pou fanmi yo achte manje pandan elèv yo ap aprann lakay yo. Nan NYC, chak elèv lekòl piblik kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon yo pral resevwa \$420. Elèv nan lekòl chartè ak pawasyal yo pral resevwa P-EBT si lekòl yo patisipe nan pwogram federal manje nan lekòl. Pa gen aplikasyon oswa dokimantasyon nesès e li pa afekte elijiblite pou lòt benefis yo oswa estati chaj piblik.
- Tout pwogram Depatman an pou moun Aje fèm ak anile tout repa an gwoup yo, rekreyasyon ak sèvis edikasyon ak aktivite yo, efektif imedyatman. Sant pou granmoun yo pral fonksyone strikteman pou delivre manje bay granmoun. Rele sant pou granmoun lokal ou an oswa [212-244-6469](tel:212-244-6469) si ou gen kesyon.
- Si ou pa ka kite lakay ou pou al achte manje, ou pa gen okenn moun ki ka pote manje pou ou, e ou pa anmezi pou itilize opsyon livrezon prive, ou ka elijib pou jwenn yo delivre manje dirèkteman lakay ou. Ale nan [nyc.gov/getfood](http://nyc.gov/getfood). Oswa rele 311 epi di "Get Food" pou w jwenn enfòmasyon.
- Aplikasyon benefis eta pou manje ak sèvis piblik, ansanm avèk lòt fòm asistans ijans yo, kounye a disponib anliy san ou pa bezwen randevou anpèsan ki nesès pou kalifye.
- Kongrè pa twò lontan de sa te fè gwo chanjman tanporè nan Asirans Chomaj (UI) ki bay Asirans Chomaj pou moun yo ki pa t elijib anvansa. Si ou pa p travay oswa ou nan konje spesyal san salè ou se yon sitwayen Ameriken, oswa ou se yon sitwayen ki gen yon otorizasyon pou travay, ou ka depoze yon reklamasyon pou UI nan sit [entènèt Depatman Travay NYS](http://entènètDepatmanTravayNYS) pou wè si ou kalifye.

- Pwopriyetè Ti Biznis yo, endike sèvis avèk resous ak mizajou sou prè/pwogram sipò finansye (Ange): <https://www.surveymonkey.com/r/N336ZYB>

## E. Resansman ak Vòt

- Eleksyon primè a ap toujou fèt nan dat 23 Jen 2020. Eleksyon spesyal yo te konvèti an primè, avèk gayan final la kap deside nan Eleksyon Jeneral la nan dat 3 Novanm 2020. Vòt bonè pwograme pou kòmanse nan 13 Jen pou rive jiska 21 Jen.
- New York pral voye pa lapòs aplikasyon pou bilten vòt pa korespondans ki gen anvlòp tenbre pou tout votè yo ki baze nan adrès ou te anrejistre a. Si ou vle vote pa lapòs, retounen aplikasyon an e yo pral voye yon bilten pou ou pa lapòs. Si ou pa resevwa aplikasyon pou bilten vòt pa korespondans lan, ou ka telehaje aplikasyon yo sou sit entènèt Konsèy Eleksyon eta. Si ou abite nan Vil New York, ou ka mande yon bilten tou lè ou rele **1-866-VOTE-NYC (1-866-868-3692)**.
- Fòm resansman yo ka konplete anliy: <https://my2020census.gov/> oswa pa telefòn **844-330-2020**.
- Pou w jwenn sipò langaj pou ranpli resansman an, tanpri vizite: <https://2020census.gov/en/languages.html>
- Delè limit pou oto-repons anliy, pa telefòn oswa lè ou retounen kesyonè papye a te pwolonje jiska 14 Out.
- Tanpri vizite New York Counts 2020 pou Kesyon yo Poze souvan yo nan Resansman an: <https://newyorkcounts2020.org/census-1-2-3s/>

## F. Legal

- Nan dat 6 Avril 2020, Sistèm Tribinal Inifye a te mete sou pye yon modèl "tribinal vityèl" nan tout tribinal premye enstans yo nan chak konte nan Eta New pou trete kesyon legal yo esansyèlman.
- Eta New York State pral pwolonje moratwa sou degèpisman pou moun sila yo kap fè fas a difikilte finansye ki gen rapò avèk COVID jiska 20 Out. Eta a pral entèdi frè reta ak peman manke pandan peryòd degèpisman moratwa a. Lokatè yo pral anmezi pou itilize depo sekirite yo kòm yon peman epi yap gen pu yo repeye frè depo sekirite a nan yon peryòd tan.
- Fonksyon esansyèl ki pral kontinye gen ladan pwosedi sou mèt kay kap chanje seri sou lokatè, vyolasyon grav nan kòd lojman ak òdonans pou reparasyon.
- Tribinal Lojman ap tandè sèlman aplikasyon odyans ijans kote yo te chanje seri sou lokatè yo oswa degèpi yo nan apatman yo ak kote yo pa t repare kondisyon grav yo.
- Si ou se yon NYCHA oswa yon lokatè Seksyon 8 e ou te pèdi revni lakay ou, ou ka mande pou yon rediksyon lwaye lè ou rele NYCHA Sant Kontak Kliyan nan **718-707-7771** oswa grasa pòtal oto-sèvs anliy. <https://www1.nyc.gov/site/nycha/section-8/self-service.page>
- Depatman Koreksyon an te sispann vizit an-pèsan yo. Pandanke sispansyon an pral tanporè, Depatman an pral bay resous kominikasyon pou moun yo kenbe an kontak avèk fanmi ak zanmi yo pandan sispansyon tanporè sa a.



## G. Konnen dwa ou yo

Kowalisyon Imigrasyon New York kontinye ap resevwa demann, kesyon, ak enkyetid sou dwa imigran ak manm yo nan kominote a. Anpil nan kesyon sa yo gen rapò avèk angajman Ladwan ak Ranfòsman Imigrasyon. An repons, NYIC te deizyen yon kanpay Konnen Dwa ou yo pou bay enfòmasyon ak resous pou manm yo nan kominote nou an, ansanm avèk founisè yo kap sèvi yo.

## Si ICE Apwoche w, Pran nòt sou:

- Kilè /Ki kote rankont lan te fèt avèk ICE?
- Kijan ofisye ICE yo prezante tèt yo?
- Èske yo te pretann ke yo se lapolis?
- Refize pou idantifye tèt yo?
- Kisa ajan ICE yo di?
- Te bay manti pou antre lakay ou, entimide nenpòt moun, oswa te itilize fòs fizik/vèbal?
- Èske ou te bay konsantman?
- Si ou pa t bay konsantman pou yo antre?

## POU RAPÓTE YON FOUY, RELE PWOJÈ DEFANS IMIGRAN (IDP):

**212-725-6422**

## Nan nenpòt Entè-aksyon avèk Lalwa oswa Ranfòsman Imigrasyon, Pratik ki pi enpòtan pou sonje se:

- Rete kalm
- Rete an silans (pa mansyone kote ou te fèt oswa kijan ou te antre nan Etazini)
- Anrejistre detay ak non yo
- PA kouri
- Mande pou pale avèk avoka w anvan ou siyen nenpòt dokiman oswa reponn nenpòt kesyon
- Si ou pale, pa bay manti.
- Kay ou pote avèk li pwoteksyon spesyal ke espas piblik pa bay. Konprann diferans ant yon espas piblik ak prive ka ede w navige rankont estresan avèk ranfòsman imigrasyon devan pòt ou, ak posiblerman evite danje.

## PATI II: LIS RESOUS KOMINOTÈ

### Aksè nan Sante

USCIS ankouraje tout moun kèlkeswa estati imigrasyon yo ki gen sentòm COVID-19 (lafyè, tous, souf kout) pou chèche tretman medikal ki nesèsè oswa swen prevantiv. Chèche tretman oswa sèvis prevantif pa pral afekte w negativman nan kad pwochen detèminasyon chaj piblik.

Règleman chaj piblik la pa pral mete restriksyon sou tès, depistaj, oswa tretman maladi ki kapab transmèt, sa ki gen ladan COVID-19. Règleman an pa pral mete restriksyon sou aksè pou vaksen pou timoun yo oswa adilt pou anpeche maladi vaksen te kapab anpeche.

Lis benefis piblik ke yo konsidere pou chaj piblik la gen ladan pifò kalite Medicaid ki finanse federalman, men li pa enkli CHIP, oswa sèvis/asistans swen sante piblik tribi oswa Eta, Lokal ki pa finanse pa Medicaid federal.

Si yon moun sijè a règleman chaj piblik abite nan yon minisipalite kote distans sosyal oswa karantèn anplas, oswa travay yo, lekòl, oswa inivèsite te fèmen volontèman operasyon l pou anpeche pwopagasyon COVID-19, yo ka soumèt yon deklarasyon avèk aplikasyon l pou ajisteman estati nan fason pou eksplike kijan règleman sa yo te afekte yo e USCIS dwe konsidere deklarasyon nan detèminasyon chaj piblik la. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou chaj piblik la, tanpri rele liy telefòn Nouvo Ameriken yo nan **1-800-566-7636**.





## Krim Rayisman

### Kisa yon krim rayisman ye?

Yon kriz rayisman se yon ofans ki motive pa prejije. Yon moun ki komèt yon krim rayisman lè youn nan yon seri krim ki komèt vize yon viktim akòz yon pèsèpsyon oswa kwayans sou ras, koulè, orijin nasyonal, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijye, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl, oswa lè yon kalite krim konsa fèt akòz rezilta kalite pèsèpsyon oswa kwayans sa a.

Gouvènè Cuomo te kreye Gwoup Travay sou Krim rayisman pou lite sou ogmantasyon ki gen rapò sou prejije ki motive pa menas, arasman ak vyolans toupatou nan Eta New York.

Lè yo rapòte tout enfòmasyon sou krim rayisman osijè eksperyans ou, idantite, ak lòt bagay yo rete konfidansyèl.



### SI OU WÈ YON BAGAY OSWA OU SE YON VIKTIM KRIM RAYISMAN RAPÒTE L BAY LAPOLIS EPI RELE DIVIZYON DWA IMEN.

Rele: **1-888-392-3644** oswa Tèks **"HATE"** nan **81336**

### SI OU BEZWEN ÈD AVÈK DEPANS MEDIKAL, DEPANS POU ANTÈMAN AK LÒT DEPANS YO AKOZ VIKTIMIZASYON YON KRIM, RELE SÈVIS VIKTIM BIWO ETA NEW YORK

Rele: **1-800-247-8035** oswa Vizite **ovs.ny.gov/help-crime-victims**

#### NAN NYC:

- Defans Piblik  
212-669-7250
- Inite Krim Rayisman nan Biwo Avoka Distri a
  - Manhattan: 212-335-3100
  - <https://www.manhattanda.org/victim-resources/hate-crimes/>
  - Brooklyn: 718-250-4949
  - <http://www.brooklynda.org/hate-crimes-bureau/>
- Komisyon Dwa Imen Vil New York
  - 718-722-3131
  - <http://www1.nyc.gov/site/cchr/help/general-public.page>
- Asistans pou Viktim Safe Horizon 866-689-4357

#### ANDEYÓ NYC:

- Avoka Distri Konte Nassau
  - 516-571-3505
  - [Nassauda.org](http://Nassauda.org)
- Biwo Afè Imigran, Avoka Distri Konte Nassau 516-571-7756
- Laura Curran Egzekitif Konte Nassau 516-571-3131
- Avoka Distri Konte Suffolk
  - 631-853-4161
  - [suffolkcountyny.gov/da](http://suffolkcountyny.gov/da)
- Inite Krim Rayisman Depatman Lapolis Konte Suffolk 631-852-6323
- Depatman Minorite Konte Suffolk 631-853-4738

## Resous Sèvis Sosyal

- Tarif Ekitab NYC se yon pwogram Konsèy Minisipal nan Vil la pou ede Nouyòkè Patisipan yo nan Vil New York ap resevwa 50% rabè sou tikè tren ak otobis ki elijib yo. Pay-Per-Ride, 7-Jou (pa semèn) ak 30-Jou (Chak Mwa) opsyon pakou ilimite yo tout disponib. revni fèb yo. Itilize Fair Fares NYC MetroCard, rezidan  
<https://www1.nyc.gov/site/fairfares/index.page>
- Pou adrese enpak san parèy nan Pandemi COVID-19, DSS/HRA te pibliye yon règleman ijans pou ogmante asistans alokasyon pou fineray soti nan \$900 pou rive nan \$1,700 ak ogmante plafon sou depans antèman soti nan \$1,700 pou rive nan \$3,400.

Yo pral konsidere aplikasyon yo te resevwa nan oswa apre 12 Mas 2020 pou ogmantasyon alokasyon an. Yo pral resevwa tout aplikasyon yo kèlkeswa estati imigrasyon yo. 929-252-7731  
<https://www1.nyc.gov/site/hra/help/bureau-assistance.page>

## Relans Ekonomik: Re-ouvèti Faz 1

- Fè reklamasyon pou chomaj
  - 1-888-209-8124
  - <https://www.ny.gov/services/get-unemployment-assistance>
- Pwoteksyon Travay  
<https://www1.nyc.gov/site/cchr/media/covid19.page>

Baze sou enfòmasyon ki disponib aktyèlman, Komisyon an konsidere enfòmasyon aktyèl oswa potansyèl avèk COVID-19 pou pwoteje kòm yon andikap dapre Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York (NYCHRL).

Anplwayè yo pa dwe fè diskriminasyon oswa arase anplwaye yo ki potansyèlman oswa aktyèlman gen enfeksyon COVID-19, oswa baze sou yon istwa aktyèl oswa potansyèl kalite enfeksyon sa a.

Akomodasyon Rezonab: Anplwayè yo gen yon obligasyon kontinyèl pou bay anplwaye yo akomodasyon pou andikap, sa ki gen ladan sila yo ki gen rapò avèk COVID-19, sof si lè ou fè sa lakoz yon difikilte san rezon oswa kote andikap la poze yon menas dirèk ki pa kapab atenyè adekwatman pa yon akomodasyon rezonab.

Nòt Medikal: Pandan pandemi aktyèl la, li kapab enpratikab pou anplwaye yo jwenn dokiman nan men yon founisè swen sante ki konfime bezwen pou yon andikap oswa akomodasyon ki gen rapò avèk gwosès.

Nan mezi kote anplwayè yo mande kalite dokimantasyon sa a nan fason pou akòde akomodasyon rezonab, Komisyon an rekòmande pou renonse a egzijans sa yo jiskaske anplwaye a jwenn dokimantasyon an.

Retounen nan travay: Konsistan avèk bezwen anplwayè yo pou pran etap rezonab pou pwoteje sante ak sekirite biznis yo, anplwayè yo ka mande anplwaye yo pou bay prèv sou kapasite yo pou retounen nan plas travay la ansekirite apre yo fin rekipere nan COVID-19, ak pou konfime ke yo pa kontajye.

Tès ak evalye risk yon menas dirèk: Jan EEOC te remake l, baze sou direktiv CDC ak otorite sante piblik yo, pandemi COVID-19 la kalifye kòm yon menas dirèk pou sante nan plas travay e anplwayè yo otorize pou sibi egzamen medikal, tankou tès tanperati, pou konfime si yon anplwaye patikilye poze yon menas dirèk pou sante nan plas travay la.

Yo pa dwe bay tès la nan yon fason diskriminatwa, pa, egzanp, teste anplwaye yo baze sou laj yo, orijin nasyonal, oswa lòt estati pwoteje yo. Anplis, yon detèminasyon ke yon anplwaye poze yon menas dirèk ka pa baze sou krent spekilativ oswa ki pa fonde, pa konsepsyon medikal aktyèl oswa prèv objektif yo.

- Pwoteksyon Lojman

<https://www1.nyc.gov/site/cchr/media/covid19.page>

Founisè lojman yo pa dwe arase oswa fè diskriminasyon kont rezidan yo, mete yo deyò, oswa mande yo pou kite apatman yo akòz krent oswa stigma sou COVID-19.

Li ilegal tou pou yon founisè lojman arase oswa fè diskriminasyon kont yon rezidan baze sou sipozisyon ke yo te genyen oswa gen chans pou genyen COVID-19 akòz aktyèl oswa potansyèl ras, orijin nasyonal, andikap, oswa lòt estati pwoteje.

Si wap sibi aransman ak diskriminasyon nan men pwopriyetè kay ou an, tanpri kontakte Komisyon sou Dwa Imen NYC. Règleman ki te enpleman yo pou asire sekirite ak sante rezidan yo, sa ki gen ladan, pa egzanp, limite vizitè oswa livrezon yo, dwe pèmèt akomodasyon rezonab pou moun yo ki gen andikap ki ka bezwen yon vizitè pou ede avèk bezwen debaz yo oswa pou fè livrezon devan pòt yo, olye ke yo kite l nan saldatant lan.

- Lè Biznis yo re-ouvè

<https://forward.ny.gov/phase-one-industries>

- Fè yon tès chak jou pou anplwaye yo. Travayè yo ta dwe rete lakay yo si yo vin malad nan travay la.
- Bay travayè yo mask gratis pou figi yo ak bay ranplasman. Travayè yo dwe rete omwen 6 pye de lòt moun ak mete yon kouvèti pou figi oswa mask si yo mwens pase 6 pye de lòt moun.

- Bay ak kenbe estasyon pou dezenfekte men pou pèsònèl, sa ki gen ladan lave men avèk savon, dlo, ak papye sèvyèt, ansanm avèk dezenfektan pou men ki gen ladan 60% oswa plis alkòl pou zòn yo kote lave men pa disponib.
- Regilyèman netwaye ekipman pataje yo ak sifas yo manyen souvan.
- Afiche siy ak mete adeziv oswa makè pou montre moun yo kote pou yo kanpe.
- Anplwayè yo - Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele 888-SBS4NYC (727-4692) oswa vizite [nyc.gov/business](https://nyc.gov/business).
- Travayè yo - Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele 311 epi mande pou Liy Dirèk Pwoteksyon Travayè oswa vizite [nyc.gov/workers](https://nyc.gov/workers).

## Sèvis ak Sipò Depatman Edikasyon

- Materyèl Teknoloji Enstriksyon Anliy  
<https://www.schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/assistive-technology>
- Enstriksyon Anliy  
<https://www.schools.nyc.gov/learn-at-home/technical-tools-and-support/remote-learning-portal>
- Repa  
<https://www.schools.nyc.gov/freemeals>
- Sant Anrichisman Rejyonal  
Depatman Edikasyon an gen 57 "Sant Anrichisman Rejyonal" ak sit gadri ki ouvè toupatou nan vil la pou timoun yo nan swen sante, sèvis dijans, ak travayè transpò, ansanm avèk episri, famasi, ak travayè manje yo, sa ki gen ladan restoran, travayè nan sèvis livrezon ak manje a-anpòte, anplwaye REC & feeding, Anplwaye bilding komèsyal ak rezidansyèl, ansanm avèk lòt travayè ki nan liy prensipal, kèkleswa yo ale nan lekòl piblik oswa prive. Yap ouvè apati 7:30 a.m. pou 6 p.m. pou timoun yo nan klas 3yèm ane jiska klas 12yèm ane:  
<https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/coronavirus-update>

## Bank Manje nan NYC

Bank Manje nan Vil New York te kontwole devlopman COVID-19 epi yo te pran mezi pwo-aktiv pou pwoteje Nouyòkè yo ki konte sou resous yo.

<https://www.foodbanknyc.org/covid-19/>

## Resansman 2020

[Newyorkcounts2020.org](https://www.newyorkcounts2020.org)

## Paj Resous NYIC

<https://www.nyic.org/resources-training/resources/>

## Preparasyon Taks

Dat limit pou ranpli deklarasyon taks federal te pwolonje otomatikman soti nan 15 Avril 2020 pou rive nan 15 Jiyè 2020. Si ou bezwen plis tan pou ranpli deklarasyon taks ou odela limit 15 Jiyè, konsidere mande yon pwolongasyon.

Pou mande yon pwolongasyon, ou kapab:

- Mande moun kap prepare taks pou ou an pou l mande yon pwolongasyon pou ou; Ranpli lè ou itilize lojisyèl preparasyon taks, tankou Turbo Tax, H&R Block.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan [nyc.gov/taxprep](https://nyc.gov/taxprep) oswa rele 311 epi mande pou asistans nan preparasyon taks

## Liy Telefòn Dirèk Nasyonal Vyolans Domestik

Evite espas piblik ak travay a distans ka ede redwi pwopagasyon COVID-19 men pou anpil sivivan, rete lakay ou kapab opsyon ki pi ansekirite. Li enpòtan pou mande èd ak kenbe koneksyon sosyal sou entènèt oswa nan telefòn enpòtan, si li ansekirite pou fè sa. Pou nenpòt viktim ak sivivan yo ki bezwen sipò, ou ka rele **1-800-799-7233**, oswa si ou pa ka pale ansekirite, ou ka konekte sou [thehotline.org](https://thehotline.org) oswa tèks **LOVEIS** nan **22522**.

## BIWO Sante Mantal NYS

Epidemi COVID-19 te kite anpil Nouyòkè santi yo angwase ak estrese.

Liy Sipò Emosyonèl bay sipò gratis ak konfidansyèl, ede moun kap rele yo ki eksperimente plis angwas akòz ijans kowonaviris. Liy Èd la konpoze avèk volontè, sa ki gen ladan pwofesyonèl sante mantal, ki te resevwa fòmasyon nan konsèy kriz. Liy Sipò OMH: **1-844-863-9314**.



## Resous Sante

- Sistèm Kontwòl COVID-19 Depatman Sante Eta New York State (Estatistik Karakteristik Ajou nan tout eta, Tablo, Kat ak Grafik): [www.ny.gov/covid-19tracker](http://www.ny.gov/covid-19tracker)
- Nivo done Konte a osijè kantite tès COVID-19 ki te fèt nan tout eta: <https://data.ny.gov/>
- Depatman Pwoteksyon Konsomatè - Rele pou rapòte fwod nan Pri: 1-800-697-1220, 518-474-8583
- Liy Telefòn dirèk 24-Èdtan Depatman Sante Eta New York sou Kowonaviris: 1-888-364-3065
- Paj entènèt Depatman Sante Eta New York sou Kowonaviris: <https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/>
- Enskri pou Imèl Alèt COVID-19 nan Eta New York: <https://now.ny.gov/page/s/coronavirus-updates>
- Depoze yon Plent avèk Depatman Dwa Imen nan NYS: <https://dhr.ny.gov/complaint#file>
- Liy telefòn Direèk Sante Mantal nan Eta New York: 1-844-863-9314 (pou pwograme yon randevou gratis)
- Biwo Avoka Jeneral - Gid sou Resous Kowonaviris: <https://ag.ny.gov/coronavirus>
- Mizajou Chak Semèn Pwofesyonèl Swen Sante (Konferans Anrejistre sou Entènèt): <https://coronavirus.health.ny.gov/weekly-healthcare-provider-update>
- Enskri nan /Sondaj sou Pwofesyonèl Sante Retrete: <https://apps.health.ny.gov/pubpal/builders/survey/retired-health-professional>

- Adrès Imèl pou Biwo Jesyon Ijans NYC - pwofesyonèl swen sante (PCP, FQHC yo ak lòt moun) ka itilize pou founiti: others) [Supplyrequest@oem.nyc.gov](mailto:Supplyrequest@oem.nyc.gov)
- NYC ap Distribye mask gratis, aprann plis isit la: [nyc.gov/FaceCoverings](http://nyc.gov/FaceCoverings)
- Kijan ou kapab ede? <https://coronavirus.health.ny.gov/get-involved-how-you-can-help>

## Travay ak Anplwaman

- Aplikasyon pou Konje Maladi COVID-19 <https://paidfamilyleave.ny.gov/if-you-are-quarantined-yourself>
- Pwosesis Plent Depatman Travay ki gen rapò avèk COVID-19 <https://labor.ny.gov/workerprotection/aborstandards/coronavirus-complaints.shtm>
- Nouvo Konje Peye pou COVID-19: <https://paidfamilyleave.ny.gov/covid19>
- Si ou panse yon anplwayè an vyolasyon avèk nenpòt lwa travay ki egziste deja oswa pa twò lontan de sa te emèt dekrè, ou ka kontakte Biwo Avoka Jeneral NYS nan (212) 416-8700 oswa [Labor.Bureau@ag.ny.gov](mailto:Labor.Bureau@ag.ny.gov)
- Pwogram gratis devlopman mendèv anliy ak aprantisaj pwofesyonèl lang angle pou fi imigran yo. <http://www.nywomenimmigrants.org/ws/wl/>
- Kontwòlè NYC COVID-19 Resous: Legal, Imigrasyon ak lòt sèvis yo <https://comptroller.nyc.gov/services-for-the-public/covid-resources/immigrant-resources/>

## Biznis ak Anplwayè yo

- Enfòmasyon sou Prè Katastwòf SBA (Empire State Development Link):  
<https://esd.ny.gov/resource-guide-covid-19-sba-disaster-loans>
- Enfòmasyon sou Prè Katastwòf SBA (Federal Government Link):  
<https://www.sba.gov/page/coronavirus-covid-19-small-business-guidance-loan-resources>
- KESYON YO POZE SOUVAN Empire State Development (ESD) pou biznis yo osijè règleman Eta ak gid jeneral ki gen rapò avèk kowonaviris.  
<https://esd.ny.gov/novel-coronavirus-faq-businesses>
- Si w pa jwenn repons pou kesyon w lan isit la, tanpri kontakte ESD nan sit entènèt nou an nan:  
<https://esd.ny.gov/covid-19-help>
- Resous ESD ki gen rapò avèk COVID-19  
<https://esd.ny.gov/esd-covid-19-related-resources>
- Coronavirus (COVID-19): Pwogram Prè pou Katastwòf Ekonomik Resous ak Prè & Gid pou Ti Biznis yo [Business Guidance & Loan Resources Economic Injury Disaster Loan Program]  
<https://disasterloan.sba.gov/ela/>
- Liy direktiv pou detèmine si yon biznis sijè nan yon rediksyon mendèv annakò avèk dekrè 202.6  
<https://esd.ny.gov/guidance-executive-order-2026>
- Adrès Imèl Dedicated Empire State Development waiver:  
[COVID19BusinessWaiver@ESD.ny.gov](mailto:COVID19BusinessWaiver@ESD.ny.gov)
- Biznis yo ki enterese nan vann eta pwodui yo ta dwe kontakte Simonida Subotic nan 646- 522-8477 oswa [covid19supplies@exec.ny.gov](mailto:covid19supplies@exec.ny.gov)
- Biznis yo ki enterese nan resevwa finansman eta pou pwodui PPE fabrike yo ta dwe kontakte Eric Gertler nan Biwo Empire State Development nan 212-803-3100 oswa [COVID19supplies@esd.ny.gov](mailto:COVID19supplies@esd.ny.gov)
- Fòm Opòtinite Akizisyon:  
<https://www.governor.ny.gov/content/procurement-form>
- Pou fè yon don (sa ki gen aldan machandiz, sèvis, ak/oswa espas yo) tanpri vizite:  
<https://apps.health.ny.gov/pubpal/builder/survey/nys-covid19-tracking-offers>